



PRANATACARA 1

Assalamu'alaikum Wr.Wb.

Bapak Tedjo Suprpto minangka dukuh saking Padukuhan Klayar ingkang dhahat kinurmatan.

Bapak Wakijo minangka ketua RT 02 Padukuhan Klayar ingkang kinurmatan.

Para rawuh kakung sumawana putri ingkang pantes sinudarsana.

Sumangga kula panjenengan ngaturaken puji syukur wonten ngarsanipun Gusti Allah SWT ingkang sampun paring kanugrahan saha kasarasan satemah kula panjenengan saged kempal wonten ing adicara pengetan dinten kamardikan menika.

Wonten ing titiwanci menika, kula minangka pranatacara badhe ngandharaken reroncening adicara. inggih menika:

1. Pambuka
2. Pangandikan saking ketua panitia
3. Pangandikan saking ketua RT 02
4. Pangandikan saking Bapak Dukuh
5. Pagelaran seni tari
6. Pambagean bebungah
7. Panutup

Inggih kaping setunggal, mangga adicara menika kula panjenengan purwakani kanthi waosan basmallah, Kula dherekaken. Matur nuwun.

Adicara kaping kalih inggih menika pangandikan saking sedherek Budi Prasetyo minangka ketua panitia. Dhumateng sedherek Budi Prasetyo kula sumanggaaken. Matur nuwun kula aturaken dhumateng sedherek Budi Prasetyo.

Adicara ingkang kaping ketiga inggih menika pangandikan saking Bapak Wakijo minangka ketua RT 02. Dhumateng Bapak Wakijo kula sumanggaaken. Matur nuwun kula aturaken dhumateng Bapak Wakijo.

Adicara ingkang kaping sekawan inggih menika pangandikan saking Bapak Tedjo Suprpto minangka dukuh saking Padukuhan Klayar. Dhumateng Bapak Tedjo Suprpto kula sumanggaaken. Matur nuwun kula aturaken dhumateng Bapak Tedjo Suprpto.

Adicara ingkang kaping gangsal inggih menika pagelaran seni tari saking pemuda Padukuhan Klayar. Dhumateng pemuda Padukuhan Klayar kula sumanggaaken. Makaten pagelaran seni tari saking pemuda Padukuhan Klayar ingkang sampun ngregengaken Adicara menika.



Adicara ingkang kaping enem inggih menika pambagean bebungah.

Adicara ingkang pungkasan inggih menika panutup.

Matur nuwun dhumateng panjenengan sedaya sampun rawuh wonten ing adicara menika. Kula minangka pranatacara menawi kathah kalepatanipun, kaperenga panjenengan sedaya paring agenging samudra pangaksami. Mangga kula panjenengan pungkasi adicara menika kanthi waosan hamdalah sesarengan, kula sumanggaaken.

Matur nuwun, Wassalamu'alaikum Wr.Wb.



Kelompok

Anggota Kelompok:

Pitakenan

Kaseratna struktur teks pranatacara ing inggil menika lan andharna pawadanipun!

1. Pambuka

Pawadan:

2. Wedharing Gati

Pawadan:

3. Panutup

Pawadan: